

TINDAK TUTUR TAKON  
TINDAK TUTUR TAKON ING DESA JETIS  
KECAMATAN DAGANGAN KABUPATEN MADIUN

JURNAL



DENING

CANDRA GHULAM AHMAD

072114006

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
2013

TINDAK TUTUR TAKON  
TINDAK TUTUR TAKON ING DESA JETIS KECAMATAN DAGANGAN  
KABUPATEN MADIUN

**Candra Ghulam Ahmad**

**(072114006)**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

*andhuen@gmail.com*

**Abstrak**

Pamedharing rasa-pangrasa kanthi guneman, sarana tulisan, sasmita lan liya-liyane iku mesthi migunakake basa, mbuh kuwi basa awak (*bahasa tubuh/kode*), basa tulis, lan basa lisan. Basa ora bisa uwal saka masalah sosial lan interaksi sosial ing sabendinane. Uga ora bisa uwal saka ukara-ukara kang ngandhut pitakon. Saka pitakon-pitakon kang kaucapake wis samesthine ana perangan unggah-ungguh kang ngetutake. Saka perangane basa lisan kang awujud tindak turur takon iku narik kawigatene panliti kanggo nliti luwih jeru babagan tindak turur takon kanthi dhasar unggah-ungguh masyarakat panuture kang nduwensi *struktur sosial* kang beda-beda. Perkara ing panliten iki yaiku kepriye unggah-ungguh basa kang digunakake manungsa kang nduwensi status sosial kang maneka warna, sarta teges apa kang dikarepake panutur marang lawan tuture nalika takon.

Panliten iki nggunakake objek saka tuturane masyarakat Jawa ing Desa Jetis Kecamatan Dagangan Kabupaten Madiun kang asli Jawa lan mangerten basa Jawa kang dituturake. Panliten iki uga nggunakake ancangan lan wewatesan. Ancangan kang ana ing panliten iki yaiku ancangan *deskriptif* lan asipat *sinkroni*. Dene wewatesane yaiku kaping pisan panliten iki mung nitiki punjere prekara kanthi perangan struktur sosiale wong kang guneman lan wong sing dijak guneman. Kaping pindho, panliten iki ngandharake ngenani unggah-ungguhe panutur nalika nggunakake tindak turur takon. Banjur kaping telune, basa kang ditliti arupa basa Jawa kang digunakake masyarakat Desa Jetis nalika guneman sabendina ing wektu iki.

Panliten iki nganggo metode simak, cathet lan rekam. Adhedhasar metode iki mau ditemokake pirang-pirang werna basa ing tindak turur takon. Werna basa iku ing antarane (1) basa ngoko lugu, (2) basa ngoko andhap (3) basa krama, lan (4) basa krama inggil. Dene panutur lan lawan tuture diperang adhedhasar struktur sosiale.

Saka analisis dhata bisa ditemokake dudutan yaiku nalika panutur nduwensi relasi sosial kang raket, struktur sosial kang nduwensi umur tuwa, drajade dhuwur, pendhidhikane endhek, status ekonomine sugih, lan jinis kelamine lanang dheweke nuturake tindak turur takon tanpa nggatekake unggah-ungguh, utawa luwih trepe ora nggatekake undha-usuking basa.

**Abstrak**

Manusia punya beribu cara untuk mengungkapkan pemikiran dan perasaannya, dengan berbicara, dengan menulis, dengan gerak, dan lain sebagainya. Ungkapan pemikiran dan hati manusia membutuhkan bahasa untuk bisa disampaikan, entah itu bahasa lisan, bahasa tulis, ataupun bahasa tubuh. Bahasa tidak dapat dipisahkan dari masalah sosial lan interaksi sosial, misalnya tidak dapat pisah dengan tindak turur tanya atau kalimat yang mengandung pertanyaan. Dari pertanyaan-pertanyaan yang terlontar tentu terdapat tingkat kesopanan yang menyertainya. Dari bahasa lisan yang berupa tindak turur tanya tersebut dirasa menarik untuk ditliti lebih dalam tentu saja dihubungkan dengan tingkat kesopanan dari masyarakat penuturnya dan peran dari struktur sosial yang membangunnya. Masalah dari penelitian ini mengenai bagaimana tingkat kesopanan yang digunakan masyarakat turur yang tentu saja mempunyai struktur sosial yang berbeda-beda.

Penelitian ini menggunakan objek dari tuturan masyarakat Desa Jetis Kecamatan Dagangan Kabupaten Madiun yang asli Jawa dan paham dengan bahasa yang diucapkannya. Penelitian ini juga menggunakan acuan dan batas-batas. Acuan dalam pengambilan data yaitu acuan *deskriptif* yang mempunyai sifat *sinkroni*. Sedangkan batas-batasnya yang pertama

## TINDAK TUTUR TAKON

penelitian ini hanya terbatas mengenai masalah pembagian struktur sosial penutur dan lawan tutur. Kedua, penelitian ini menjelaskan tingkat kesopanan masyarakat tutur ketika menuturkan pertanyaan berdasarkan struktur sosialnya. Ketiga, bahasa yang diteliti berupa bahasa Jawa yang digunakan masyarakat Desa Jetis untuk berbicara setiap hari di waktu ini.

Penelitian ini menggunakan metode simak, tulis dan rekam. Berdasarkan metode tersebut banyak ditemukan bermacam-macam warna bahasa Jawa diantaranya (1) bahasa ngoko lugu (2) bahasa ngoko andhap (3) bahasa krama (4) bahasa krama inggil. Sedangkan masyarakat penuturnya dapat dibagi berdasarkan struktur sosialnya.

Berdasarkan analisis data, dapat disimpulkan bahwa ketika penutur yang mempunyai umur tua, drajadnya tinggi, pendidikannya rendah, status ekonominya kaya, dan jenis kelaminnya laki-laki rata-rata tidak memperhatikan sopan-santun ketika mengutarakan pertanyaan kepada lawan tuturnya.

### PURWAKA

Nalika caturan, sejatine manungsa ngirimake kode-kode tartamtu kang katuju marang lawan tuture. Antarane panutur lan lawan tutur kudu padha-padha ngerti babagan apa kang diomongake, amarga upama ana salah sijine sing ora sambung, caturan iku ora ana gunane. Basil Beentein ing Peter Worsley (sajrone Pateda, 1987:15) ngandharake yen ta kode-kode kasebut diperang dadi loro. Sing pisanan yaiku kode sing amba, ruwet, lan dawa (rowa). Kode sing amba bisa kedadeyan sebabé nalika kita caturan, panutur nyiritakake lan njelasake salah sawijine *peristiwa*. Sakwise iku lawan tutur melu kegawa cerita lan katrangane panutur lan mbutuhake wektu sing suwe kanggo ngudhal maksud utawa tujuwane panutur iku crita. Kode sing kapindho yaiku kode kang nduwensi wates (lamba). Kode iki bisa kedadeyan nalika kita medharake tembung-tembung utawa ukara takon, pakon (mrentah), panjaluk, lan ngiyakake. Panliten tindak tutur sasuwene iki mung nitiki punjer perkarane adhedhasar teori tindak tutur kang ditemokake dening Austin (1956) kanthi irah-irahan *How to do things with word?* kang merang tindak tutur dadi telung werna yaiku *lokusi*, *ilocusi* lan *perlokusi*. Kamangka ing Jawa (ing buku karti basa) wis ngandharake ngenani tindak tutur iku adoh sadurunge Austin. Ing buku karti basa andharan ngenani tindak tutur dijilentrehake kanthi merang pangrembuge basa adhedhasar teges lan wujud. Teges yaiku surasa utawa isine guneman kang selaras utawa keplok karo ciptaning atine wong sing guneman. Wujud yaiku sarana kang kanggo nglairake karepe wong sing ngucap. Saka andharan ngenani teges ing ndhuwur kang bakal dadi babit kawitane pangrembuge teges basa (miturute Austin lokusi, ilokusi lan

perlokusi). Saka teges pangrembuge basa ing ndhuwur diperang maneh miturut rasa-pangrasa lan ciptaning atine wong kang guneman dadi loro, yaiku; 1. Wetuning basa kang wis mawa teges; 2. Wetuning rasa pangrasa lan wetuning karep. Cekake wetuning basa kang wis mawa teges mono yen dijilentrehake padha karo lokusi, lan wetuning rasa pangrasa lan wetuning karep dadi ilokusi lan perlokusi.

Rene Appel (sajrone Pateda, 1987:15) nyebutake ana faktor-faktor kang aweh daya tumrap unggah-ungguhe wong caturan. Sing kapisan yaiku faktor kahanan. Faktor kahanan jelas aweh daya marang pilihane tembung lan unggah-ungguh nalika caturan. Upamane basane nalika ngendhangi wong neng *Rumah Sakit* lan nalika ing pasar jelas beda. Kapindhya yaiku faktor sosial. Faktor sosial uga nemtokake banget tumrap panganggone basa nalika caturan. Faktor sosial kang kamaksud yaiku umur, jinis kelamin, status ekonomi, lan pendhidhikan. Saka andharan ing ndhuwur, tindak tutur takon kalebu sawijine kode kang nduwensi wates lan kalungguhane penting banget sajrone basa minangka piranti utama interaksi sosial kang nduwensi ancangan *sosiolinguistik*.

Tindak tutur takon asring digunakake dening masyarakat, mligine ing Desa Jetis Kecamatan Dagangan Kabupaten Madiun. Panlitin ngrasa yen Desa Jetis paling cocog kanggo nglaksanakake panliten iki, amarga panlitin kadhapuk minangka warga desa kono, saengga panlitin ngerten solah bawa utawa *karakteristik* warga, lan bisa nglaksanakake tata carane panliten kanthi trep lan lancar. Manungsa urip bebrayan ing masyarakat, sabendina migunakake basa kanggo *komunikasi* marang liyan. Awit tangi turu ing parak isuk nuju mapan turu ing wayah wengine, manungsa

## TINDAK TUTUR TAKON

mesthi nggunakake basa kanggo guneman. Ing sajrone guneman awit isuk tekan bengi iku mau mesthi ana tembung-tembung lan tindak tutur takon kang kaucapake, mula kalungguhane takon sajrone guneman manungsa sabendina iku penting banget. Adhedhasar andharan kasebut panliten iki bakal ngrembug babagan tindak tutur takon kang asring digunakake dening masyarakat Desa Jetis sajrone sesrawungan sabendina.

Perangan kang njalari anane tindak tutur takon iku amarga penutur ora ngerti utawa kepengin weruh ngenani apa kang ditakonake mau. Tua-mudha, lanang-wadon, sugih-mlarat, kabeh padha-padha nggunakake tindak tutur takon. Dene wujude pitakonan iku maneka warna gumantung tegese. Ana kang takon mung ateges supaya patut (aruh-aruh), ana kang takon ateges supaya oleh *informasi*, ana kang takon kang nduwensi teges mrintah, lsp. Yen adhedhasar unggah-ungguh basane, nalika sawijine pawongan kang bakal nindakake tindak tutur takon mesthi nggatекake babagan santun, sopan, etika lan undha usuking basa. Saliyane teges lan unggah-ungguh, Labov (ing Sumarsono, 2002:50) ngandharake menawa struktur sosial uga ndayani ing wangune basa masyarakat sosial, kaya ta kelas sosial *ekonomi*, jinis kelamin, relasi paseduluran lan umur.

Dadi antarane teges, struktur sosial lan unggah-ungguhing basa ndayani tumrap tindak tutur takon. Mula saka iku, tindak tutur takon dirasa prelu ditliti luwih jeru. Panliti bakal nggunakake dhasar teges, struktur sosial, lan unggah-ungguh basa kanggo landhesan nliti tindak tutur takon.

Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur, punjere panliten iki bakal ngrembug kepriye teges lan unggah-ungguh sajrone tindak tutur takon ing Desa Jetis adhedhasar status sosial, pendhidhikan, drajad, lan jinis kelamin paragane. Dene tujuwane panliten iki yaiku ngandharake kepriye teges lan unggah-ungguh sajrone tindak tutur takon ing Desa Jetis adhedhasar status sosial, pendhidhikan, drajad, lan jinis kelamin paragane.

Paedah saka panliten iki bisa migunani kanggo panyengkuyung ngrembakane ilmu pragmatik kang wis ana sadurunge. Saliyane iku, panliten iki uga bisa migunani ing ngrembakane kajian tindak tutur lan kasampurnaning babagan basa (*Linguistik*).

Panliten iki uga dikarepake bisa menehi paedah kanggo para panliti tindak tutur lan para pamaos kang uga ngugemi kabudayan Jawa. Sajrone panliten iki ana wates-watese prekara kang kudu ditrapake panliti, amrih dhata panliten iki ora nggrambyang lan bisa dititiki kanthi cetha. Wates-watese yaiku kaping pisan panliten iki mung nitiki punjere prekara kanthi perangan struktur sosiale wong kang guneman lan wong sing dijak guneman. Kaping pindho, panliten iki ngandharake ngenani unggah-ungguhe masyarakat Desa Jetis, Kecamatan Dagangan, Kabupaten Madiun babagan tindak tutur takon adhedhasar struktur sosiale. Banjur kaping telune, basa kang ditliti arupa basa Jawa kang digunakake guneman sabendina ing wektu iki.

## TATACARA PANLITEN

Panliten kang dianakake iki nggunakake cara *deskriptif*, yaiku tindaktuturtakon kanthi ngandharake konteks lan teks. Konteks, ing bab iki minangka salah sawijining perangan kang bisa awehkatrangan ngenani relasi sosial lan struktur sosial antarane paraga.

Titikane nggunakake teori dhasar, konsep dhasar, modhel uga ancangan panliten bab basa kaya umume (Kridalaksana, 1948:118). Panliten iki uga asipat *sinkroni*, amarga mung ngrembug tindak tutur takon ing mangsa saiki. Saliyane iku panliten iki uga luwih nengenake sosiologine, jalaran sing ditliti ing lapangan yaiku paraga-paragane, nanging sejatiné sabanjure nliti basa kang dienggo cecaturan ing antarane paraga-paraga mau.

Ing panliten iki nganggo telung cara panliten, yaiku (1) tatacaranenglumpukake dhata, (2) tatacarane njlentrehake dhata, lan (3) tatacarane ngandharake dhata (Sudaryanto, 1986:57). Saben tatacarane iku nduwensi ancangan lan teknik dhewe-dhewe. Ancangan lan teknik mau bakal diandharake kaya mangkene.

Tatacarane kang dianggo nglumpukake dhata panliten yaiku nganggometodhenyemak lan metodhemicara (Sudaryanto, 1986:62 lan 1988:2-9). Metode nyemak yaiku nyemak sakabehing basa kang nganggo dening paraga. Metode micara yaiku wawancara antarane panliti karo narasumber.

*Metodhe nyemakdileksanakake kanthi limang teknik yaiku a) teknik sadap (TS), b)*

## TINDAK TUTUR TAKON

teknik *simak libat cakap* (teknik SLC), c) teknik *simak bebas libat cakap* (teknik SBLC), d) teknik *rekam* lan e) teknik *cata*.

Teknik *sadap* yaiku nyemak kanthi cara diwujudake nampa sakabehing wedharan. Teknik *simak libat cakap* dileksanakake kanthi melu lan nyemak ing caturan. Teknik *simak bebas libat cakap* yaiku nyemak tanpa melu ing caturan. Teknik *rekam* yaiku ngrekam wedharan nganggo piranti *rekam* lan ora ngowahi lumrahe proses tumindak basa. Teknik *cata* yaiku nyathet sakabehing wedharan nganggo piranti tulis banjur ditulis nggunakake lambang basa utawa aksara. Teknik-teknik kang klebu ing ing metodhe nyemak kang dianggo ing panliten iki yaiku teknik *sadap*, teknik *simak libat cakap*, teknik *simak bebas libat cakap*, lan teknik *cata*.

Sejatiné metodhe nyemak dudu salah sijine metode kang dienggo ing panliten iki, amarga dhata kang digoleki saka metodhe nyemak durung nyukupi sakabehing dhata panliten. Mula saka kuwi, kanggo njangkepi dhata, *nganggometodhe micara*. *Metodhe micara* utawa wawancarakang ditrapake nggunakake teknik-teknik tartamtu, yaiku a) teknik *pancing*, b) teknik *cakap semuka*, c) teknik *cakap tanpa semuka*, d) teknik *rekam* lan *cata*.

Sejatiné teknik *pancing* yaiku caturan utawa *metodhe micara* kang diwujudake kanthi cara mancing. Panliti mancing wong siji utawa luwih amrih medharake basane, (2) teknik *cakap semuka*; yaiku panliti mancing pawongan utawa kanthi langsung amrih medharake basane lan bisa mikantukake dhata saakeh-akehe, (3) teknik *tanpa semuka*; yaiku panliti mancing informan utawa wong akeh amrih caturan kanthi *tanpa semuka*, nanging awujud tinulis. Teknik kaya mangkono sajrone ilmu sosial diarani kuesioner utawa respondensi, dene panglumpuke dhata ing panliten iki ngetrapake *metodhe micara* kanthi cara teknik *pancing* lan teknik *cakap semuka*.

Panglumpuke dhata kanthi nggunakake rong metodhe yaiku simaklan cakap ditindakake kanthi cara pirang-pirang teknik. Teknik-teknik kuwi mau ora bisa dirancang luwih dhisik, nanging kudu ndeleng kahanane subjek panliten. Mula, nalika antukdhata, panliti bisa uga mung cukup nyemak caturane subjek panliten, nanging uga bisa mancing subjek panliten amrih tumuju ing

caturan kang nuwuhalé dhata panliten. Dhata-dhata kang dipikolehi kuwi mau langsung dipilah-pilah miturut kahanane. Pamilihe dhata iku mau adhedhasar struktur sosial yaiku umure pamicara, drajade pamicara, pendhidhikane pamicara lan status ekonomine pamicara. Sabanjure amrih mantebake dhata-dhata kuwi mau, mula ditindakake kanthi wawancara (Arikunto, 2006:151).

Tatacarane ngandharake dhata ing panliten iki yaiku nggunakakemetode *konteks* kanthi cara ngandharake daya pragmatis sajrone dhata ukara, sabanjure asil panliten diandharake *nganggometode tekstual*.

Tatacaranene ngandharake dhata ing panliten iki diperang dadi rong perangan:

1. Dhata kang diklumpukake saka informan diandharake adhedhasar kontekskang didayani struktur sosiale paragane, kayata status ekonomi, umur, pendhidhikan, drajad lan jinis kelamine.
2. Dhata sabanjure diandharake kanthi metode *tekstual*. Kanthi tatacarane teks, panliti merang omongan dadi perangan-perangan tindaktuturtakonadhedhasar daya relasi sosiale lan struktur sosial paragane, kayadene status ekonomi sosial, umur, drajad, pendhidhikan lan jinis kelamin.

Dhata kang wis diandharake kuwi mau banjur dijlentrehake adhedhasar kajian teori ukara kang didayani karo relasi sosial lan struktur sosial paragane.

Saliyane iku, ing panliten iki uga nggunakake metode *refleksif-introspektif* (Sudaryanto, 1993:121), yaiku nggunakake panliti minangka wong asli saka dhaerah panliten tanpa ngilangake paugeran minangka panliti. Sabanjure panliten iki uga dijlentrehake nggunakake *metode presuposi* utawa *praduga*. *Presuposi* klebu golongan analisis basa utawa wedharing gagasan sacara semantik utawa sacara makna (Gudai, 1989). Saliyane nduweni teges wantah, ukara uga ngemot teges kang diarani maksud pamicara. Maksud pamicara iku kang diarani *presuposi* (Gudai, 1989:34).

Dhata-dhata kang wus diolehake kanthi metode-metode ing ndhuwur banjur diklumpukake adhedhasar jinise ing tindak turut takon.

Minangka panliten kang sipate *kualitatif*, mula panliten iki diandharake miturut paugeran lan tatanan kang awujud tembung-

## TINDAK TUTUR TAKON

tembung. Dhata kang wis diklumpukake banjur dilentrehake kanthi cara *deskriptif*. Tatacaran *deskriptif* yaiku tatacarane ngonceki dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka kang bisa menehi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka paraga panliten (Azwar, 1998: 126)

Sakabehing dhata sajrone panliten iki yaiku wujude tindak turur takon banjur diandharake kanthi metode *informal* yaiku njlentrehake asil andharandhata kanthi cara nganggo basa lan *formal* yaiku ngandharake kanthi tandha-tandha lan lambang-lambang (Sudaryanto, 1993:144). Tandha dimaksudake yaiku arupa tandha ("...") kango nengeri ukara utawa tembung-tembung kang tegese tembung pitakon. Dene lambang kang dienggo yaiku arupa cekakan saka dhasar-dhasar ing tindak turur takon. Yen saka dhasar umure pamicara, diperang dadi telu yaiku bocah (UPB), enom (UPE), lan tuwa (UPT). Adhedhasar drajade pamicara diperang dadi loro, yaiku endhek (DPE) lan dhuwur (DPD). Sabanjure kanthi dhasar pendhidhikane pamicara diperang dadi loro uga, yaiku endhek (PPE) lan dhuwur (PPD). Pungkasane yaiku kanthi dhasar status ekonomine pamicara, kang uga diperang dadi loro yaiku mlarat (SEM) lan sugih (SES).

Subjek kang dienggo sajrone panliten iki yaiku pawongan kang medharake konteks-konteks tindak turur takon masyarakat Desa Jetis 04/01 Kecamatan Dagangan Kabupaten Madiun. Kaya kang wis diandharake ing ndhuwur, minangka salah sawijining werna regional.

Dene objek saka panliten iki yaiku arupa dhata-dhata kang wis kasil diklumpukake dening panliten. Maksude dhata-dhata iku arupa konteks-konteks kang wis dituturkake dening subjek panliten utawa luwih cethane sinebut *narasumber* utawa *informan*.

Instrumen pangumpule data panliten iki nduweni kalungguhan utawa daya piguna kang wigati. Instrumen pangumpule data panliten yaiku piranti kang digunakake kango ngumpulake data panliten. Sajrone panliten iki, instrumen pangumpule data panliten dibedakake dadi loro, yaiku instrumen pangumpule data panliten kang baku lan instrumen pangumpule data panliten kang dadi panyengkuyung. Instrumen pangumpule data panliten kang baku yaiku panliten. Dene instrument panyengkuyunge yaiku nggunakake

piranti *elektronik* kanggo ngrekam panutur lan lawan turur nindakake guneman, lan piranti kanggo nyathet nalika sawayah-wayah dibutuhake.

Dhata ing panliten iki dibedakake dadi rong jinis, yaiku dhata dhasar lan dhata panyengkuyung (Sudaryanto, 1990:44). Dhata dhasar yaiku dhata kang dilentrehake. Dhata dasar kuwi mau dijupuk saka informan, dene dhata panyengkuyunge dudu dhata kang dilentrehake, nanging nganggo nyengkuyung dhata dasar kang dilentrehake.

Sumber dhata adhedhasar jinis relasine diperang dadi rong werna, yaiku sumber *substansif* lan sumber *lokasional* (tandingna Sudaryanto, 1998:26 lan 1990:33). Sumber *substansif* dhata utawa diarani sampel yaiku wedharan (tuturan) kang *representative* (Sudaryanto, 1988:19). Sumber *substansif* ing panliten iki yaiku panganggone basa konkret saka pamicarane kang ditindakake kanthi basa lisan lan tulis. Sumber *substansif* dhata lisan yaiku wernane basa lisan sajrone panganggone basa lumrah, lan wajar.

Sumber *lokasional* yaiku pamicara, wong kang medharake dhata lan asale sampel substantif dhata, lan biyasa diarani narasumber utawa *resource person* (Sudaryanto, 1990:19).

Panglumpuke dhata minangka tatacaran *cakap* kanthi teknik *cakap semuka* dibutuhake banget ing panliten iki, amrih dhata kang diantukake trep lan pener, mula informan kang klebu kriteria yaiku:

- a. Informan kudu cetha ing panemu, kekarep, lan pangrasane kanthi sarana basa masyarakat kuwi dhewe (Basa Jawa),
- b. Nduweni piranti caturan kang normal (ora cacat),
- c. Nduweni jiwa kang normal (bisa ngendhalekake emosi),
- d. Ngertenai basa Jawa,
- e. Blaka ing pangucap, saengga dhata kang diantukake bisa trep (tandingna Sudaryanto, 1990:43 lan Djajasudarma, 1993:20).

Miturut Djajasudarma, cacahe informan bisa ditemtokake adhedhasar prelune panliten. Nanging ing panliten iki ora diwatesi cacahe informan kanggo nyengkuyung anane dhata kang arep diklumpukake. Panliten klebu instrumen kunci amarga panliten langsung melu rawung sajrone masyarakat utawa subjek panliten.

## TINDAK TUTUR TAKON

Basa kang dienggo yaiku basa kang lumrah dienggo cecaturan saben dina dening masyarakat Jawa sing asli Jawalan bisang gunaka eba Jawa, kang bisa diperang dadi telu yaiku miturut werna *fungsional*, werna *sosial*, lan werna *regional*. Kang dikarepake werna *fungsional* yaiku basa kang dienggo cecaturan iku minangka salah sawijining basa kang dienggo miturut kagunan. Dene werna sosial yaiku wujud saka tatanane masyarakat dhewe. Maksude basane awujud ngoko lan krama. Jalaran ing panliten iki mbuthuhake dhata-dhata saka rong jinis basa iku. Kang pungkasan werna regional, yaiku basa kang ditliti ing kene manggon ana ing Madiun. Dadi yen ta ana panyaru ngenani basa sajroning panliten iki bisa dibalekake maneh yen ta basa kang dtliti iku manggon ana ing Madiun.

Kanggo luwih cethane, ing ngisor iki bakal dijentrehake kanthi bagan, ngenani konsep tatacarane panliten.

kamunikasi kalorone bisa sambung lan *berkelanjutan*. Pragmatik yaiku telaah ngenani makna kang ana gandheng cenenge karo pirang-pirang *situasi* utawa kahanan panutur lan lawan tutur (Tarigan, 2009:29). Saka panemune Tarigan kasebut nuduhake yen ta kahanan aweh pengaruh kang gedhe banget tumrap ungga-ungguh basa nalika caturan. Kahanan ing kene bisa minangka kahanan sosial, kahanan papan panggonan nalika caturan, lan kahanan *emosional* nalika caturan.

Saka andharan ing ndhuwur bisa jlentrehake yen ta wangune cecaturan kudu ana paraga sajrone guneman, antarane paraga siji lan sijine kudu sambung. Nalika nindakake tumindak basa, panutur lan lawan tutur kudu ngerteni yen ana struktur sosial lan relasi sosial kang ngronce tumindake. Saliyane iku, kudu nggatekake kahanan kang ana nalika panutur guneman marang lawan tuture. Sakabehing andharan dening para ahli kasebut minangka dhasaring teori ing panliten iki.



### LANDHESAN TEORI

Austin (ing Ibrahim, 1993:15) merang tindak tutur dadi telu; lokusi, ilokusi, lan perlokusi. Perangan tindak tutur kasebut adhedhasar saka makna *ujaran* kang dituturake dening panutur lan lawan tutur. Tindak tutur yaiku salah sijine jlentrehan ing kajian *pragmatic* (Leech, 1993:315). Sajrone jlentrehan pragmatik, objek kang dijentrehake yaiku basa kang digunakake panutur lan lawan tutur. Lawan tutur kudu mangerten iku apa kang dikarepake panutur nalika caturan supaya

### ANDHARAN LAN JLENTREHAN

Adhedhasar masalah panliten lan tatacara ngolah dhata, panliti merang dhata kanthi analisis kaya ing ngisor iki:

- 1) *Tindak Tutur Takonkanthi Dhasar Umure Panutur Bocah, Drajade Endhek, Pendhidikan Endhek, Status Ekonomi Mlarat, Jinis Kelamin Lanang (UPB-DPE-PPE-SEM-JKL)*

Adhedhasar struktur sosial kaya kang diandharake ing ndhuwur, ukara kang diperang kanthi dhasar umur, drajad, pendhidhikane lan status ekonomine panutur bakal diandharake kang sabanjure dijentrehake ing ngisor iki. Kang kapisan bakal ngandharake kanthi adhedhasar umure panutur bocah, drajade endhek, pendhidhikane endhek, status ekonomine mlarat. Kang mesthine panutur uga nduweni lawantutur kanggo caturan. Kaya dhata ing ngisor iki:

- A. *UPBDPEPPESEMJKL* marang *UPBDPEPPESEMJKL*
- (1) P : Fal, ngko sore bal-balane didu ta?  
LT : iya, musuh Umbul Sari! Hla kowe pa ra ruh?

## TINDAK TUTUR TAKON

P : jam pira? Aku kok ra diomongi neng cah-cah?

LT : jam 3 sore. Hla kowe melu piye? Nek iya, engko tak parani!

Konteks : nalika leren bareng mulih saka sekolah, P nakoni LT ngenani bal-balalan!

Dhata (1) panuture dening bocah, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, lan status ekonomine mlarat, nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPE-PPE-SEM-JKL). Dene lawantutre yaiku bocah, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, lan status sosiale mlarat nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPE-PPE-SEM-JKL). Konteks ing dhata (1) yaiku nalikane leren bareng mulih saka sekolah, P nakoni LT ngenani bal-balalan. P takon nengLT supaya antuk informasi ngenani bal-balalan sing arep dilakoni dening LT. Anggone takon iku nduweni maksud supaya P oleh melu bal-balalan sing arep dilakoni dening LT. Amerga P kanca sakelaseLT, mula LT njur ngajak P supaya melu bal-balalan bareng.

Saka andharan ing ndhuwur, anane panangkep *positif* saka lawantutur bisa dijalari saka sesambungan passeduluran ing kekarone. Kang dikarepake yaiku antarane panutur lan lawantutur nduweni relasi passeduluran kang raket banget. Mula apa kang dadi maksude P takon marang LT, bisa ditampa kanthi cetha dening LT.Kabukti saka ukara ‘*hla kowe melu piye? Nek melu ngko tak parani!*’.Senajan ta isih kagolong bocah, yen sabendina srawung kanthi raket bisa nuwuhake sesambungan kang *positif*, kaya dene P marang LT ing dhata (1) iku mau.

### B. UPB-DPE-PPE-SEM-JKL marang UPT-DPE-PPE-SEM-JKL

(2) P : mas, we ngko mancing pa ra?

LT : ora, mendhunge etan peteng kae hlo! Konteks : P lanLT sedulur nuggal omah. Nalika iku P takon marang LT ngenani mancing.LT kang umure luwih tuwa ngerti maksud pitakonane P. Supaya P ora melu LT mancing mula LT ngapusi P. P kang umure isih bocah ora ngerti yen diapusi marang LT.

Dhata (2) panuture dening bocah, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, lan status ekonomine mlarat, nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPE-PPE-SEM-JKL). Dene

lawantutre yaiku bocah enom (remaja), kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, lan status sosiale mlarat lan nduweni jinis kelamin lanang (UPE-DPE-PPE-SEM-JKL).Konteks ing dhata (2) P lanLT sedulur nuggal omah. Nalika iku P takon marang LT ngenanimancing.LT kang umure luwih tuwa ngerti maksud pitakonane P supaya dijak mancing.Supaya P ora melu LT mancing mula LT ngapusi P. P kang umure isih bocah ora ngerti yen diapusi marang LT.

Saka andharan ing dhata (2) bisa dijilentrehake yaiku senadyan P lan LT nduweni relasi passeduluran kang raket banget, nanging amarga P umure isih bocah mula LT ngrasa ora menak yen ta P melu mancing LT, mula LT njur ngapusi P, kabukti saka ukara ‘*ora, mendhunge etan peteng kae hlo!*’.Yen didelok saka unggah-ungguhing basa, P isih durung nduweni tata krama anggone takon marang LT jalanan P umure isih bocah lan durung ngerti unggah-ungguh basa.

### C. UPB DPE PPE SEM JKL marang UPT-DPE PPE SEM JKL

(3) P : Pak, ngko ndelok Bukak Giling?

LT : Iya-iya. Sing penting sekolah sore dhisik! (diniyah)

Konteks : P takon kanthi maksud ngajak marang LT minangka Bapake. LT weruh yen P angel sekolahe. Nalika P takon iku mau, njur LT nyaguhi ngeterne P ndelok Bukak Giling ananging P kudu sekolah dhisik.

Dhata (3) panuture dening bocah, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, lan status ekonomine mlarat, nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPE-PPE-SEM-JKL). Dene lawantutre yaiku wong tuwa, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, status sosiale mlarat lan nduweni jinis kelamin lanang (UPT-DPE-PPE-SEM-JKL).Konteks ing Dhata (3) yaiku nalika P takon kanthi maksud ngajak marang LT minangka Bapake.LT weruh yen P angel sekolahe. Nalika P takon iku mau, njur LT nyaguhi ngeterne P ndelok Bukak Giling ananging P kudu sekolah dhisik.

Saka andharan dhata (3) ing ndhuwur bisa dijilentrehake yen ta maksude P takon iku mau supaya LT gelem nuruti apa kang dadi karepe P. Nilik saka relasi passeduluran antarane P lan LT mungguh wae yen taLT minangka

## TINDAK TUTUR TAKON

Bapake P nuruti apa kang dikarepake dening P.LT ngerti yen P angel sekolahe, mula LT saguh nuruti P yen ta dheweke gelem mlebu sekolah. P kang umure isih bocah katon seneng lan gage cepak-cepak budhal sekolah. Unggah-ungguh basa kang digunakake dening P sajane durung trep, ananging nilik saka umure P kang isih durung ngerti unggah-ungguh basa, ukarane P isih bisa *dimaklumi*.

### D. UPB DPE PPE SEM JKL marang UPT DPE PPE SEM JKW

- (4) P : Bu Puh, Pak Puh wonten?  
LT : Pak Puh sik neng Mesjid,  
Le! Eneng apa?  
P : Diutus Bapak nyaosaken  
niki kagem Pak Puh! (undhangan)  
Konteks : P kang umure isih bocah,  
diutus Bapakemenehi  
undhangan menyang Pak  
Puhe. Nalika P mara  
menyang daleme Pak Puhe  
njur sing ana yaiku LT.

Dhata (4) panuture dening bocah, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, lan status ekonomine mlarat, nduwensi jinis kelamin lanang (UPB-DPE-PPE-SEM-JKL). Dene lawantutre yaiku wong tuwa, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, status sosiale mlarat lan nduwensi jinis kelamin wadon (UPT-DPE-PPE-SEM-JKW). Konteks ing dhata (4) yaiku P kang umure isih bocah, diutus Bapake menehi undhangan menyang Pak Puhe. Nalika P mara menyang daleme Pak Puhe njur sing ana yaiku LT minangka Bu Puhe.

Saka andharan dhata (4) ing ndhuwur bisa dijlentrehake ngenani maksude P takon marang LT yaiku P nggoleki Pak Puhe manut apa kang didhawuhne bapake P. P kang umure isih bocah kagolong isih lugu, kabukti saka manute P marang dhawuhe Bapake. Nilik saka unggah-ungguh basa kang digunakake P kagolong trep, yaiku nggunakake basa mudha-krama.

Dudutan saka jlentrehan ing ndhuwur yaiku bocah cilik tansah ngugemi apa kang didawuhake wong tuwa marang dheweke. Apa kang dadi pesene wong tuwa bakal dilaksanakake kanthi lugu, ora ditambahi lan dilongi.

### 2) *Tindak Tutur Takon kanthi Dhasar Umure Panutur Bocah, Drajade Endhek, Pendhidhikan Endhek, Status Ekonomi Mlarat, Jinis Kelamin Wadon (UPB-DPE-PPE-SEM-JKW)*

Adhedhasar struktur sosial kaya kang diandharake ing ndhuwur, ukara kang diperang kanthi dhasar umur, drajad, pendhidhikane lanstatus ekonomine panutur bakal diandharake kang sabanjure dijlentrehake ing ngisor iki. Kang kapindho bakal ngandharake kanthi adhedhasar umure panutur bocah, drajade endhek, pendhidhikane endhek, status ekonomine mlarat lan jinis kelamine wadon. Kang mesthine panutur uga nduwensi lawantutur kanggo caturan. Kaya dhata ing ngisor iki:

### A. UPB DPE PPE SEM JKW marang UPB DPE PPE SEM JKW

- (5) P : Dhik Afi, kowe mlebu kelas sore apa gak?  
LT : Iya sik, Put!  
Konteks : P ngampiri LT arep dijak budhal sekolah bareng. Nalika iku LT isih durung siap, mula LT ngongkong P ngenteni sawetara.

Dhata (5) panuture dening bocah, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, lan status ekonomine mlarat, nduwensi jinis kelamin wadon (UPB-DPE-PPE-SEM-JKW). Dene lawantutre yaiku bocah, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, status sosiale mlarat lan nduwensi jinis kelamin wadon (UPB-DPE-PPE-SEM-JKW). Konteks ing dhata (5) yaiku nalika P ngampiri LT arep dijak budhal sekolah bareng. Nalika iku LT isih durung siap, mula LT ngongkon P ngenteni sawetara. P kang ora kesusu njur manut wae nglakoni perintahe LT.

Saka andharan dhata (5) ing ndhuwur bisa dijlentrehake ngenani maksude P takon marang LT yaiku P arep ngajak budhal sekolah bareng LT. Dene unggah-ungguh basa kang digunakake panutur kagolong sopan, kabukti saka tembung sesulih ‘*Dhik*’ kang digunakake. Rata-rata bocah cilik isih ngugemi banget ngenani tembung sesulih marang liyan. Senadyan P lanLT ora nduwensi relasi paseduluran kang raket, nanging amarga LT ikuadhi kelase P, mula P njur nyeluk LT kanthi tembung ‘*Dhik*’.

## TINDAK TUTUR TAKON

- 3) *Tindak Tutur Takonkanthi Dhasar Umure Panutur Bocah, Drajade Dhuwur, Pendhidhikan Endhek, Status Ekonomi Sugih, Jinis Kelamin Lanang (UPB-DPD-PPE-SES-JKL)*

Adhedhasar struktur sosial kaya kang diandharake ing ndhuwur, ukara kang diperang kanthi dhasar umur, drajad, pendhidhikane lanstatus ekonomine panutur bakal diandharake kang sabanjure dijlentrehake. Ing ngisor iki bakal diandharake kanthidhasar umure panutur bocah, drajade dhuwur, pendhidhikane endhek, status ekonomine sugih lan jinis kelamine lanang. Kang mesthine panutur uga nduweni lawantutur kanggo caturan. Kaya dhata ing ngisor iki:

- A. *UPB DPD PPE SES JKL marang UPB DPE PPE SEM JKL*

- (6) P : Mas Alfan apa main PB? (*Point Blank, salah sawijine game online*)

LT : iya, wis ket maeng!

P : ayo disusul, Ndri?

Konteks : nalika ing selane dolanan kertu *kwartet*, P takon marang LT. P nggoleki mase kang dolan neng warnet. Maksude P takon supaya LT gelem dijak mara neng warnet nyusul mase iku mau. Nanging amarga LT durung kulina dolanan neng warnet mula LT ora gelem dijak.

Dhata (6) panutre dening bocah, kang drajade dhuwur, pendhidhikane endhek, lan status ekonomine sugih, nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPD-PPE-SES-JKL). Dene lawantutre yaiku bocah, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, status sosiale mlarat lan nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPE-PPE-SEM-JKL). Konteks ing dhata (6) yaiku nalika ing selane dolanan kertu *kwartet*, P takon marang LT. P nggoleki mase kang dolan neng warnet. Maksude P takon supaya LT gelem dijak mara neng warnet nyusul mase iku mau. Nanging amarga LT durung kulina dolanan neng warnet mula LT ora gelem dijak.

Saka andharan dhata (6) ing ndhuwur bisa dijlentrehake ngenani maksude P takon yaiku ngajak LT supaya dheweke gelem dijak P dolanan neng warnet. LT kang dhasare bocah mlarat lan ora kulina saba warnet ora gelem dijak dening P. Amarga LT isin yen P ngerti dheweke ora tau saba warnet njur dheweke ora

mangsuli pitakonane P. P dhewe bisa nangkep maksude LT ora mangsuli ajakane, njur bocah loro iku mau nerusake olehe dolanan kertu *kwartet* maneh. Unggah-ungguh basa kang digunakake dening P lan LT wis trep, yaiku nggunakake basa ngoko lugu. Dudutan saka dhata (6) ing ndhuwur yaiku status ekonomine bocah bisa menehi pengaruh kang gedhe ngenani apa kang dadi pakulinane.

- B. *UPB DPD PPE SES JKL marang UPE DPD PPD SES JKL*

- (7) P : Mas, nek tuku hamburger kae neng endi?

LT : neng adoh!

Konteks : P takon kanthi maksud pengin weruh lan njaluk marang LT. LT kang ngerti maksude P takon iku mau nyilimur kanthi jawaban kang ngawur amrih supaya P ora njaluk hamburger kaya sing ditakonake iku.

Dhata (7) panutre dening bocah, kang drajade dhuwur, pendhidhikane endhek, status ekonomine sugih, lan nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPD-PPE-SES-JKL). Dene lawantutre yaiku bocah enom (remaja), kang drajade dhuwur, pendhidhikane dhuwur, status sosiale sugih lan nduweni jinis kelamin lanang (UPE-DPD-PPD-SES-JKL). Konteks ing dhata (7) yaiku nalika P takon kanthi maksud pengin weruh lan njaluk marang LT. LT kang ngerti maksude P takon iku mau nyilimur kanthi jawaban kang ngawur amrih supaya P ora njaluk hamburger kaya sing ditakonake iku.

Saka andharan dhata (7) ing ndhuwur bisa dijlentrehake ngenani maksud lan tujuwane P takon marang LT yaiku P kepengin weruh lan njaluk hamburger marang LT. Didelok saka unggah-ungguh basane P kagolong ora trep. Nanging upama didelok saka relasi paseduluran antarane P lan LT kang raket banget (kakang-adhi), basa kang digunakake P kanggo ngeriningerih supaya LT gelem nuruti apa kang dadi kekarepane P. P kagolong bocah kang sugih, nadyan ta isih bocah nanging wis tau ngrasakake hamburger lan kepengin weruh neng endi olehe mase tuku. Upama P kagolong bocah mlarat mesthine pitakonane dudu ‘Mas, nek tuku hamburger kae neng endi?’ nanging ‘Mas, Hamburger kuwi apa?’.

Dudutan saka jlentrehan ing ndhuwur yaiku senadyan umure isih kagolong bocah,

## TINDAK TUTUR TAKON

ananging yen ta status ekonomine sugih dheweke bisa ngerti apa kang ora dingerten i bocah kang status ekonomine mlarat.

### C. UPB DPD PPE SES JKL marang UPT DPD PPD SES JKL

- (8) P : Pak, adhik mbesuk nek sekolah ditumbasne sepatu kaya Mas Zali apa gak? LT : iya-iya! Sing eneng lampune ta?  
Konteks : P takon kanthi maksud njaluk marang LT. Kahanan sajrone caturan yaiku nalika P lanLT mangan bebarenagn sakluwarga ing meja mangan.LT minangka Bapake P saguh nuruti P amarga LT kagolong wong sugih.

Dhata (8) panuture dening bocah, kang drajade dhuwur, pendhidhikane endhek, status ekonomine sugih, lan nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPD-PPE-SES-JKL). Dene lawantuture yaiku wong tuwa, kang drajade dhuwur, pendhidhikane dhuwur, status sosiale sugih lan nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPD-PPD-SES-JKL). Konteks ing dhata (8) yaiku nalika P takon kanthi maksud njaluk marang LT. LT minangka Bapake P saguh nuruti P amarga LT kagolong wong sugih lan kango nylimur supaya P gelem mangan akeh.

Saka andharan dhata (8) ing ndhuwur bisa dijlentrehake yen ta maksud lan tujuwane P takon marang LT yaiku P njaluk sepatu padha karo duwekke mase. LT kang ngerti maksudpitakonane P njur saguh nukokake, supaya P gelem mangan akeh.Nilik unggahungguh basa kang digunakake dening P kagolong durung trep. Ananging yen didelok saka kahanane P lanLT caturan, yaiku nalika dheweke mangan bareng ing meja mangan basa kang digunakake P bisa dadi lumrah.

### D. UPB DPD PPE SES JKL marang UPT DPD PPD SES JKW

- (9) P : Buk, Ayahe endi?  
LT : Ayah sik kerja, durung pulang, Rif!  
Konteks : P minangka anake LT takon ngenani Bapake.

Dhata (9) panuture dening bocah, kang drajade dhuwur, pendhidhikane endhek, status ekonomine sugih, lan nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPD-PPE-SES-JKL). Dene lawantuture yaiku wong tuwa, kang drajade

dhuwur, pendhidhikane dhuwur, status sosiale sugih lan nduweni jinis kelamin wadon (UPT-DPE-PPE-SES-JKW). Konteks ing dhata (9) yaiku P minangka anake LT takon ngenani bapake.LT kang ngerti maksud pitakonane P mangsuli marang P. Basa kang digunakake antarane P lanLT kagolong basa campuran, awit saka status ekonomi lan pendhidhikane LT kang kagolog dhuwur mula P minangka anake katut kagawa basane LT. Kabukti saka ukara ‘*Buk, Ayahe endi?*’ P nggunakake tembung ‘*Ayah*’ kang ora salumrahe digawe dening wong kang status ekonomine mlarat lan pendhidhikane endhek.

### E. UPB DPD PPE SES JKL marang UPT DPE PPE SEM JKW

- (10) P : Lik Masir, penthole taksih?  
LT : Isih Mas, tumbas pinten?  
P : Kalih ewu, Lik!  
Konteks : P takon kanthi maksud tuku penthol marangLT.

Dhata (10) panuture dening bocah, kang drajade dhuwur, pendhidhikane endhek, status ekonomine sugih, lan nduweni jinis kelamin lanang (UPB-DPD-PPE-SES-JKL). Dene lawantuture yaiku wong tuwa, kang drajade endhek, pendhidhikane endhek, status sosiale mlarat lan nduweni jinis kelamin wadon (UPT-DPE-PPE-SEM-JKW). Konteks ing dhata (10) yaiku nalika P takon kanthi maksud tuku penthol marang LT. LT kang ngerti maksud pitakonane P banjur langsung mangsuli sinambi mbales takon marang P. Senadyan ta LT luwihi tuwa tinimbang P, LT nggunakake tembung kang kagolong sopan kabukti saka ukara ‘*Isih Mas, tumbas pinten?*’, basa kang digunakake LT nuduhake yen ta dheweke ngajeni banget marang P, isa uga wong tuwane P kang nduweni status ekonomi sugih kerep aweh pambiyantu marang LT. Nilik saka relasi sosial antarane P lan LT kagolong ora pati raket, amarga antarane P lan LT kaya isih nduwe rasa sungkan.

## PANUTUP

### Dhiskusi

Panliti aweh panyaru marang panliten kang ditindakake ing masyarakatJawa. Jalaran, anggone ngandharake lan njlentrehake durung jeru. Mula, tindaktuturtakon kang ditindakake

## TINDAK TUTUR TAKON

dening panliti isih bisa ditindakake panliten  
sabanjure.

### Dudutan

Adhedhasar relasi lan struktur sosial ingtindaktuturtakon kanthi unggah-ugguh kang trep, ing panliten iki bisa kadudut yen ta panuturkangduweni relasi sosial kang raket, struktur sosial kang nduweni umur tuwa, drajade dhuwur, pendhidhikane endhek, status ekonomine sugih, lan jinis kelamine lanang nalikacaturankarolawantutreora nggatekake unggah-ugguh, utawa luwih trepe ora nggatekake undha-usuking basa.

Tindaktuturtakon kelawan struktur sosial, relasi sosial lan undha-usuking basa nduweni gegayutan kang raket banget. Awit tindaktuturtakon iku ditindakake nganggo unggah-ugguh basa dilandhesi kelawan struktur sosial lan relasi sosial. Antarane struktur sosial lan relasi sosial kang dadi landhesane yaiku relasi sosial, jalaran relasi sosial ing kene nduweni peran kang wigati nalikane panutur nindakake tindaktuturtakon. Yen ta panutur ora nduweni relasi sosial kang raket, senajan ta panutur iku umur kang luwih tuwa anggone nindakake tindaktuturtakon marang lawan tuture kang isih enom isih nganggo undha-usuking. Anggone nganggo undha-usuking basa iku mau kanggo ngurmati marang wong kang durung ditepungi kanthi becik lan raket. Mula saka iku undha usuking basa isih ditengenake. Beda marang kahanan liyane, antarane panutur lan lawan tutur kang nduweni relasi sosial kang raket, senajan ta lawan tuture nduweni kalungguhan dhuwur utawa umur kang luwih tuwa, dene panuture drajade luwih endhek lan isih enom, nalikane nindakake tindaktuturtakon ora nggatekake undha-usuking basa.

### Pamrayoga

Panliten ngenani tindaktuturtakon adhedhasar relasi sosial lan struktur sosialiki isih akeh kang durung ditliti kanthi cetha. Kurange dhata kang luwih kompleks lan maneka warna nambahi panliten iki isih adoh saka sampurna. Panliti sadhar, ing panliten iki akeh cacad lan kurangane, mula panliten tindaktuturtakon isih bisa dirembakakake.

## TINDAK TUTUR TAKON

### KAPUSTAKAN

- Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul & Leoni Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta : Rineka cipta
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Budi Pekerti dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widya
- Gunarwan, Asim. 1994. *Pragmatik: PandanganMataBurung*, Jakarta : Universitas Indonesia.
- Ibrahim, Abd. Syukur. 1993. *KajianTindakTutur*. Surabaya: UsahaNasional.
- Kementerian Pengadjaran, Pendidikan dan Keboedajaan. 1946. *Karti Basa*. Jakarta.
- Keraff, Gorys. 1980. *Komposisi*. Ende Flores: Nusa Indah
- Koentjaraningrat. 2002. *Pengantar Ilmu Anthropologi*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Mahsun. 2007. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta : PT. Remaja Raja Grafindo Persada.
- Nababan, P.W.J. 1992. *Ilmu Pragmatik*. Jakarta: Departemen Pendidikan Dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Nababan, P.W.J. 1986. *SosiolinguistikSuatuPengantar*. Jakarta: Gramedia.
- Pateda, Mansoer. 1987. *Sosiolinguistik*. Gorontalo: Angkasa.
- Pranowo. 2009. *Berbahasa Secara Santun*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Poedjoesoedarmo, S. 1979. "Analisis Variasi bahasa" dalam penataran dialektologi pusat pembinaan dan pengembangan bahasa: Jakarta.
- Ramlan. 1987. *Morfologi: Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: Karyono
- Samsuri. 1991. *Analisis Kesalahan Berbahasa*. Jakarta: Elangga
- Satriya Tjatur Wisnu Sasangka, Sry. 2008. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Pramalingua.
- Satriya Tjatur Wisnu Sasangka, Sry. 2010. *Unggah-ungguh Bahasa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta : Kepatihan Danurejan.
- Sudaryanto, 1993. *Metode Dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sumarsono. 2002. *Sociolinguistics*. Yogyakarta: Sabda dan Pustaka Pelajar.
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *PengajaranPragmatik*. Bandung: Angkasa.